


Carousel/Kawousèl



Alèks pat vle ni penyen tèt li, ni mete rad sou li. Sètènman, li pat vle koupe gato fèt li ak matant li yo san papa li. Alèks pat kontan. Pandan wit fwa li tap **mimire** “Kote Papi?”

Dine a sanble pran anpil tan, Alèks prèske pa manje menm.

Anvan memn Alèks te di, “Ann nou rete tann Papi,” manman l ak matant li yo gentan kòmanse gonfle blad, mete chapo fèt nan tèt tout moun e di: “Li lè pou nou louvri kado yo.” Te genyen anpil kado.

Alèks louvri kado matant Lea an premye. Li **bougonnen**: “Mwen gen yon milyon pijama.” Li louvri kado matant Ruby ki se yon **balerina** jip ki gen anpil **payèt**. Matant Ruby renmen bagay ki gen **klerezon**. Alèks jwenn nan yon lòt bwat, yon pè chosèt wòz pou dòmi. Chak fwa Alèks louvri yon kado, li fè kòlè. Matant Rose kouri ak Kodak la pou li vin fè foto. Alèks **riposte**

Alèks te tris. Li te pi anvi al dòmi lè manman li di l men dènye kado a, se papa w ki kite l pou ou si tout fwa li pat la pou selebre fèt ou. Kounye a Alèks realize ke papa l pap vini vre lakay pou fèt li. Manmzèl ouvè kado a. Se yon ti **kawousèl** ki bèl anpil Alèks pat janm wè nan vi l. Men youn nan bèt yo ki yon zèb, te kase.

Alèks te toujou fache. Manman l fè l ale kouche nan kabann li. Alèks anbrase matant li yo e di yo “Bòn nwit. Li kenbe ti kawousèl li nan men l. Apre sa, dòmi pran Alèks. Li reve bèt yo nan kawousèl a pati an galopan nan fenèt la. Li pati dèyè yo.

Lè Alèks reveye, li tandè vwa papa l kap pale. Li fè misye eskiz poutèt kawousèl la te **andomaje**. Konsa papa l fè li eskiz tou pou l di l: “Eskize m paske mwen te manke fèt ou; Se pat fèt mwen, avyon te an reta, mwen reyèlman te fache. Men mwen pat kapab rete fache.” Eske ou konnen poukisa?” Alèks souke tèt li. “E byen menn sa ki te fè m fache a, fè m kontan. Kounye a mwen kontan paske mwen lakay mwen ak fanmi m.”

Aktivite

Diskite mo vokabilè yo ak elèv yo anvan lekti istwa a. Bay elèv yo lòt ekzanp ak mo yo.

Mwen konprann tèsk la.

1. Poukisa w panse istwa a gen tit sa a “Kawousèl”?
2. Ki lòt tit (non) ou ta bay istwa sa a?
3. Ki premye kado Alèsk te ouvri? Ki jan li te santi lè l louvri kado a?
4. Èske Alèks te konsène de santiman matant li yo? Èske Alèks se yon timoun ki janti oubyen egoyis?
5. Èske Alèsk gen rezon pou li fache? Èske li rete lontan fache le landemen?
6. Ki jan Alèks te reaji lè li louvri kado papa l?
7. Èske ou panse Alèks ap toujou fache lè papa l rive nan lakay la?
8. Poukisa Alèks fè papa l eskiz? E poukisa papa l fè l eskiz tou?
9. Poukisa Papa Alèks di l , li pa fache ankò?
10. Ki evènman ki te fè Alèks fache?

An nou reflechi sou tèks la

1. Ki jan ou ta santi w, si ou ta kase yon kado ki chè a ou menm?
2. Poukisa papa Alèks te manke fèt la? Itilize detay ou jwenn nan istwa a.
3. Ki sa paran Alèks te fè pou yo te rann li bliye prezans papa l ki pat la? Itilize detay nan istwa a pou sipòte repons ou?
4. Konpare Pablo nan istwa “Bagel Jalapino” ak Alèks nan istwa “Kawousèl”? Ki diferans ki genyen ant Pablo ak Alèks?
5. Alèks ale dòmi e li tap reve. De ki sa li tap reve?